



Avoka Jeneral
Letitia James
pou Eta New York

Chè Nouyòkè,

Idantite w an danje. Sou entènèt, sou telefòn e menm fasafas, li vin pi fasil pou moun k ap fè fwod yo vòlè enfòmasyon pèsònèl ou epi itilize yo pou yo fè fwod.

Vòl Idantite afekte plizyè milyon moun chak ane. Moun k ap fè fwod yo aplike pou kat de kredi sou non w, resevwa benefis medikal ou, e yo menm itilize nimewo sekirite sosyal ou pou fè fwod fiskal, domaje estati kredi w k ap pran anpil tan ak lajan pou repara.

Avèk yon ti kras dilijans, ou kapab sekirize enfòmasyon pèsònèl ou e anpeche pi fò kategori vòl idantite e nou la pou ede w konnen kijan.

Pou plis detay sou kòman pou w kenbe idantite w an sekirite oswa kisa pou w fè si ou panse yo vòlè idantite w, tanpri ale sou sit entènèt nou an ag.ny.gov.

Kòdyalman,

Letitia James

Resous

Biwo Pwokirè Jeneral Eta Nouyòk la Biwo Fwod Konsomatè yo

Rapòte fwod yo oswa pote plent.
(800) 771-7755 / ag.ny.gov

Komisyon Komès Federal Ameriken

Rapòte fwod oubyen vòl idantite yo.
877-382-4357 / ftc.gov

Rapò Kredi Anyèl

Pou tchecke oswa bloke rapò kredi ou.
877-322-8228 / annualcreditreport.com

Pi Gwo Ajans Rapò Kredi

Experian:
(888) 397-3742 / experian.com

TransUnion:
(800) 888-4213 / transunion.com

Equifax
(800) 685-1111 / equifax.com

Innovis
innovis.com



Pwoteje Idantite ou

Konsèy pou Kenbe Idantite
W an Sekirite



**Biwo Avoka Jeneral
Letitia James
nan Eta New York**

Sekirize Enfòmasyon Pèsonèl ou

Pandan jeneralman pa gen okenn danje pou w bay non w oswa nimewo telefòn ou, di yon moun ki lè w te fèt, nimewo sekirite sosyal ou, oswa tout nimewo kont ka ekspoze w ak vòl idantite. Ou ta dwe tou evite divilgue enfòmasyon ou itilize kòm yon soutyen “backup” repons pou sit entènèt lè ou bliye yon modpas.

Piga w janm bay yon moun ki jis rete konsa li kontakte w enfòmasyon pèsonèl ou: amwens ke se ou menm ki te kontakte l, sa ka rive ou pran nan pyèj, pirataj «phished.»

Pirataj (Phishing) se tantativ pou fè yon moun bay enfòmasyon pèsonèl li tankou non itilizatè (username), modpas, oswa nimewo kat de kredi li. Pirat (Scammers) yo ka kontakte w pa mesaj tèks, sou telefòn, oswa imèl epi pran pòz yo se yon ajans gouvènmantral, yon bank, oswa yon konpayi ki koni. Y ap mande w enfòmasyon pèsonèl ou pou yo ka rezoud kèk pwoblèm oswa yon ijans, oswa yo kapab di yo jis bezwen «konfime enfòmasyon w» avan pou yo ba w yon bagay.

Pa gen youn nan òganizasyon nou sot site la yo ki t ap kontakte w nan fason sa a pou enfòmasyon enpòtan konsa. Si w pa kwè se yo menm, rele konpayi a — itilize nimewo yo bay yo — pou w verifye si se yo menm vre. Kèk moun k ap pran w nan pyèj (pirataj) ka eseye mande w pou w ale sou yon sit entènèt oswa louvri yon fichye ki klipse nan yon mesaj. **Piga w telechaje fichye oswa piga w klike sou lyen moun ou pa konnen voye ba ou.** Yo ka genyen viris k ap enfekte òdinatè ou epi vòlè enfòmasyon pèsonèl ou.

Mesaj sispèk (Suspicious Messages)

Menm si yon mesaj ta sanble soti de yon sous fyab tankou yon fanmi oswa yon konpayi w konnen, li ka toujou yon tantativ pirataj: pirat yo ka monte sou kont lan oswa kreye yon nouvo kont avèk yon non ki sanble. Si ou resevwa yon mesaj ki pa sanble se moun lan ki voye l, ki genyen yon lyen oswa yon fichye klipse san eksplikasyon, oswa ki parèt sispèk, verifye “sous” lan de fwa pou w asire w se bon adrès la oswa rele moun ki voye li a pou w verifye se yo menm vre. Sa ka rive sou rezo sosyal yo, menm jan li fasil sou imèl oswa nan mesaj tèks, kidonk piga w fye yon mesaj sispèk jis paske se yon “zanmi” ki voye l.

Nimewo Sekirite Sosyal

Genyen yon ti kras chans tou piti pou yon konpayi ta mande w nimewo sekirite sosyal ou. Si yo mande w li, mande yo pou ki rezon yo bezwen l, sitou si se pa yon ajans gouvènmantral, anplwayè, bank, oswa enstitisyon finansye. **Epi, ankò piga w janm bay li ak yon moun ki jis rete konsa li kontakte w.**

Itilize yon pafe (firewall), Mete Sistèm Ekspwatasyon w lan Ajou (Update your Operating System)

Òdinatè w la kapab pran viris nan navige sou entènèt. Kenbe Sistèm Ekspwatasyon w lan ak pwogram antiviris ou a ajou epi kenbe pafe (firewall) ou a fonksyonèl pou w kapab rete an sekirite.

Kreye Modpas ki Fò (gen anpil karaktè)

Si w itilize entènèt, ou bezwen modpas ki fò, epi ou bezwen plizyè. Yon modpas ki fò se yon modpas ki:

- Long. Li dwe genyen omwen uit karaktè, men plis li genyen se plis li pi bon.
- Yon moun ki siblè w pa dwe ka devine l, kidonk pa itilize dat ou fèt oswa non fanmi w.
- Men fòk se yon bagay ou kapab sonje. Melanje mo ki long, ki pa komen tankou (“batterystapler”) kapab bon nan sans sa a.
- Itilize l pou yon sèl kont. Si ou itilize yon modpas plizyè fwa epi yon moun vin konnen l yo kapab aksede ak tout kont ou yo.

Jesyonè Modpas (Password Managers)

Navigatè modèn yo gen “password managers” ou ka enstale sa ki kapab tou antre modpas ou a pou ou: jis telechaje yon manager epi tout bagay ap fèt defason otomatik. Kenbe modpas pou manager w la an sekirite toutotan w kapab: si yon pirat jwenn li, li kapab aksede ak tout kont ou yo.

Aparèy Pwoteje avèk Modpas (Password-Protect Devices)

Jere tout kont ki sou telefòn ak sou òdinatè tankou se te kont sou yon sit entènèt: bay yo chak yon modpas, modpas ki fò (gen anpil karaktè).

Modpas Padefo (Default Passwords)

Genyen kèk aparèy, tankou woutè oswa modèm, ki vini avèk modpas padefo. Modpas Padefo (Default Passwords) yo pa souvan sekirize, kidonk ou dwe chanje yo imedyatman.

Chanje Modpas ou Regilyèman

Menm si ou pran konsèy sa a, plis ou itilize yon modpas se plis chans yon move moun genyen pou l jwenn li: sit entènèt yo kapab genyen brèch nan sekirite yo. Toujou chanje modpas ou si genyen brèch nan sit entènèt w ap itilize a, epi de tout fason toujou chanje modpas ou regilyèman.

Koneksyon Sekirize (Secure Connections)

Yon sit entènèt ki pa sekirize oswa yon rezo Wi-Fi ki pa sekirize kapab ekspoze enfòmasyon pèsonèl ou yo. Piga w janm fè biznis lajan oubyen pèsonèl sou yon rezo piblik, epi verifye pou asire w yon sit entènèt “sekirize” avan ou bay anyen ki sansib sou li. Sit entènèt ki sekirize yo ap kòmanse pa “<https://>” olye de “<http://>”

Efase Done ou pa Bezwen yo

Detui kèlkeswa dosye ki gen enfòmasyon pèsonèl ou yon fwa w pa bezwen yo ankò. Dokiman papye ou te pataje tankou resi, deklarasyon fiskal, ak lòt dosye finansye oswa dosye medikal; siprime oswa dezaktive tout kont dijital ak tout fichye dijital. Sonje menm fichye ou siprime yo kapab rete sou diskedi w la, kidonk w ap bezwen lojisyèl sekirite espesyal pou w efase tout done pèsonèl ou yo si w ap debare w de yon vye òdinatè.

Kontwòl Atestasyon (Monitor Statements)

Verifye atestasyon bankè w ak kat de kredi avèk anpil atansyon pou nenpòt aktivite ki fèt sou yo ke w pa t otorize.

Verifye bil medikal ak bil asirans sante w yo avèk atansyon pou asire w ou resevwa tretman ki dekri yo.

Rapò Kredi (Credit Reports)

Chak moun gen dwa pou yo genyen yon kopi rapò kredi yo gratis chak ane ki soti nan chak gwo ajans ki bay rapò sou kredi. Si w wè kont oswa demann ou pa t fè oswa ou pa rekonèt, sa ka vle di yon lòt moun ap itilize idantite w. Ou ka pwograme pou bay rapò nan yon lòt ajans yon lòt lè nan ane a pou w ka jwenn asirans ou konn abitye jwenn yo sou annualcreditreport.com oswa rele (877) 322-8228.

Vòl Idantite Timoun

Idantite timoun se idantite yo plis vòlè, pafwa se manm nan fanmi yo ki gen move pousantaj kredi ki fè sa. Pwoteje enfòmasyon pèsonèl pitit ou menm jan w t ap fè pou pwòp tèt ou. Asire w ou poze kesyon pran yon seri mezi si yo ta resevwa apèl pou pèman fakti (bill) oswa òf kredi sou non yo, si yo ta refize ba yo benefis akoz yon lòt moun ap itilize nimewo telefòn yo, oswa si yo ta resevwa avi de IRS konsènan taks yo dwe.